

**TRADISI ZIARAH MAKAM SUNAN PANDAN ARAN  
ING DESA PASEBAN KECAMATAN BAYAT  
KABUPATEN KLATEN**

**Agung Kurniadi  
11205244010**

**Sarining Panaliten**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken mula bukaning tradisi, prosesi lampahing tradisi, makna simbolik sesaji saha paedah wonten salebeting tradisi ziarah ing makam Sunan Pandan Aran.

Panaliten menika ngginakaken panaliten kualitatif. Caranipun ngempalaken *data* ing salebeting panaliten ngginakaken *pengamatan berperan serta (observasi partisipasi)* saha wawancara mendalam. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak, saha dipunbiyantu mawi piranti panyengkuyung sanesipun. Caranipun *nganalisis data* ingkang dipunginakaken inggih menika *teknik analisis induktif*.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) mula bukaning tradisi inggih menika dipunwiwiti sasampunipun makam Sunan Pandan Aran dipunpindah dening Sultan Agung saking ngandhap Masjid Golo ing Banyubiru dhateng Gunung Cakrakembang, masarakat panyengkuyung ugi pitados bilih Sunan Pandan Aran wali ingkang nyebaraken agami Islam saha tiyang ingkang kinasih dening Allah, satemah ziarah ing makam Sunan Pandan Aran saged paring barokah dhateng masarakat panyengkuyungipun; (2) prosesi tradisi dipunbedakaken dados kalih: (a) ziarah I, ziarah ingkang ngginakaken sesaji kadosta sekar, kemenyan saha toya genthong sinaga. Lampahipun ziarah I menika mundhut *tiket*, nitipaken sandal, daftaraken dhiri, nyawisaken sekar ing baki, matur Jurukunci, ngobong menyan, nyekar ing makam Sunan Pandan Aran, mundhut toya genthong sinaga, saha (b) ziarah II, ziarah ingkang boten ngginakaken sesaji ing salebeting prosesi, lampahipun inggih menika mundhut *tiket*, nitipaken sandal, daftaraken dhiri saha tahlilan ing makam Sunan Pandan Aran. Bedanipun ziarah I saha ziarah II inggih menika, ziarah I beta sekar saha menyan kangge ubarampe, manggihi Jurukunci lajeng mundhut toya saking genthong sinaga, menawi ziarah II boten ngginakaken sekar saha kemenyan, boten matur Jurukunci saha boten mundhut toya genthong sinaga; (3) *makna simbolik* sesaji ingkang dipunginakaken ing tradisi ziarah makam Sunan Pandan Aran inggih menika saged kangge sesulih lampah ing salebeting tradisi, saha dados ancasing para peziarah ingkang nindakaken tradisi supados pikantuk barokah saking Gusti ingkang Maha Kuwaos lumantar ziarah ing makam Sunan Pandan Aran; (4) paedahipun tradisi tumrap masarakat panyengkuyung saha daerah inggih menika: (a) paedah nguri-uri kabudayan; (b) paedah spiritual saha (c) paedah ekonomi.

**Pamijining Tembung** : tradisi, ziarah, saha Sunan Pandan Aran

## **Abstract**

*This research is conducted to describe the history of the tradition, the procession tradition, the symbolic meaning of the offerings and the benefits of doing the tradition of pilgrimage at the tomb of Sunan Pandan Aran.*

*This research uses qualitative research. How to collect data in this study using participant observation (participatory observation) and in depth interviews. This research tool is the researchers themselves with the help of other supporting equipment. The way the data analyzed in this study were inductive analysis techniques. How to validate the data by means of triangulation and triangulation methods .*

*The results of this research indicate: (1) the history of this tradition came from the tomb of Sunan Pandan Aran moved by Sultan Agung of the mosque in Golo Banyubiru to Mount Cakrakembang. Community support is also believed that Sunan Pandan Aran is the mayor who spread the religion of Islam and to the loved ones of God, for the pilgrimage at the tomb of Sunan Pandan Aran can be a blessing to the community member supporters; (2) the process of tradition is divided into two: (a) the first pilgrimage, a pilgrimage which use such offerings of flowers, incense and genthong sinaga waters. Process first pilgrimage started from buying a ticket, entrusts shoes, move the flowers into the tray, speaking to Jurukunci, burn incense, laying flowers at the grave of Sunan Pandan Aran, take genthong sinaga waters and (b) second pilgrimage, a pilgrimage that does not use the offering the pilgrim process, the process starts from buying a ticket , entrusts shoes, register and read the tahlil at the tomb of Sunan Pandan Aran . Differences first pilgrimage and second pilgrimage is a first pilgrimage brought flowers and incense, see the next Jurukunci take sinaga genthong waters, whereas second pilgrimage did not bring flowers and incense, do not meet Jurukunci and do not take genthong sinaga waters; (3) the symbolic meaning of offerings that can be used to replace tadisi process and become the destination of pilgrims who carry out the tradition in order to get a blessing from God through pilgrimage at the tomb of Sunan Pandan Aran; (4) the benefits to the community tradition of supporting and regions: ( a) the benefits of preserving the culture; (b) spiritual benefit and (c) economic benefits.*

**Keywords:** *tradition, pilgrimage and Sunan Pandan Aran.*

### **A. PURWAKA**

Masyarakat Jawi ing jaman *modern*, saperangan tasih wonten ingkang pitados dhateng arwah nenek moyang utawi leluhuripun. Kadadosan menika boten saged ical saking

tradisi ingkang sampun tuwuh wonten pagesangan masyarakat Jawi piyambak. Tradisi ingkang dipunwarisaken dening para leluhur, saha tasih dipuntindakaken masyarakat panyengkuyungipun.

Kapitadosan masarakat Jawi dhateng arwah para leluhur menika, dipunwujudaken kanthi cara ziarah makam. Tradisi ziarah makam piyambak asring dipuntindakaken dhateng makamipun para ulama ingkang nyebaraken agami Islam utawi dhateng makamipun tiyang seda ingkang gesangipun gadhah kakiyatan ingkang linuwih saha gadah *peran* ingkang awrat. Makam-makam para ulama utawi tiyang ingkang linuwih menika, dipunpitadosi masarakat penyengkuyung gadah barokah saking Gusti ingkang Maha Kuwaos.

Salah satunggaling makam ingkang tasih dipunpitadosi masarakat gadah barokah, inggih menika makamipun Sunan Pandan Aran ingkang mapan ing Gunung Cokrokembang Jabalakat, Desa Paseban, Kecamatan Bayat, Kabupaten Klaten. Sunan Pandan Aran kalebet ulama *penyebar* agami Islam ing daerah Jawi Tengah, mliginipun ing tlatah Bayat. Sunan Pandan Aran menika kalebet muridipun Wali Sanga, inggih menika Sunan Kalijaga. Sunan Pandan Aran piyambak boten kalebet ing Wali Sanga sanadyan pikantuk gelar Sunan, ananging dados Wali Pinutub.

Tradisi ziarah ing Makam Sunan Pandan Aran dipuntliti amargi ing jaman samenika kathah tradisi Jawi ingkang sampun kasingkir dening tradisi ngamanca ingkang mlebet Indonesia. Pawadan kaping kalih panaliti nлити tradisi kasebat, amargi wonten makam Sunan Pandan Aran menika gadah sejarah ingkang

dereng kathah tiyang menika mangertos. Salebeting *komplek* makam Sunan Pandan Aran, ugi wonten toya barokah saking genthong Sinaga ingkang boten wonten ing makam-makam sanesipun. Prosesi ingkang dipuntindakaken para peziarah menika ugi beda-beda, mila kedah dipuntliti saha dipunwedharaken. Pawadan ingkang pungkasan, menawi dipunbandhingaken kalihan makam-makam ulama *penyebar* agami Islam menika beda, makam Sunan Pandan Aran menika gadah *arsitek* bangunan arupi makam raja-raja, kadosdene makam raja wonten Imogiri Yogyakarta.

Panaliten menika dipunkajengaken saged paring seserepan babagan tradisi Jawi, mliginipun tradisi ziarah ing Makam Sunan Pandan Aran saha ngandharaken folklor ingkang wonten ing salebeting ziarah makam Sunan Pandan Aran. Panaliti nлити tradisi menika ugi gadah ancas supados tradisi Jawi menika tansah lestantun, dipunjagi saha dipunuri-uri dening masarakat.

## **B. GEGARAN TEORI**

Folklor menika dumadi saking kalih tembung, *folk* saha *lore*. Tembung *folk* gadhah teges *kolektif*. *Folk* ugi saged gadhah teges *rakyat*, menawi *lore* tegesipun tradisi, (Endraswara, 2012:58). Folklor saged dipunsebat salah satunggaling wujud tradisi masarakat. Miturut Alan Dundes (lumantar Dananjaya, 1984: 1), *folk* inggih menika satunggal *kelompok* tiyang ingkang gadhah *ciri-*

*ciri fisik, sosial, saha kabudayan, saengga saged dipunbedakaken saking kelompok-kelompok sanesipun. Ananging, ingkang langkung awrat inggih menika masarakat sampun gadhah tradisi, kabudayan ingkang sampun dipunwarisi turun temurun, sakedhikipun kalih generasi, saha dados gadhahanipun masarakat kanthi kolektif. Tembung kaping kalih inggih menika lore, ingkang gadhah teges tradisi folk, saperangan kabudayanipun, ingkang dipunwarisaken kanthi turun temurun kanthi lisan utawi kanthi tuladha gerak isyarat, piranti pambiyantu kangge ngemutaken, (Dananjaya, 1984: 1-2). Folklor ugi gadah ciri-ciri ingkang kathah, mliginipun ciri-ciri folklor Jawi miturut Endraswara (2010:6) wonten sedasa.*

Saking kalih pangertosan saha *ciri-ciri* folklor kalawau saged dipunpendhet dudutan, bilih folklor inggih menika perangan kolektif kabudayan ingkang dipunwarisaken kanthi turun temurun saking generasi saderengipun kanthi cara lesan utawi tuladha gerak isyarat. Andharan menika nedahaken, bilih ziarah ing makam Sunan Pandan Aran ugi kalebet ing folklor. Ziarah ing makam Sunan Pandan Aran sampun dipuntindakaken awit saking rumiyin dumugi samenika. Masarakat panyengkuyung ingkang nindakaken tradisi ziarah menika kanton nerasaken saking para masarakat panyengkuyung saderengipun. Tradisi ziarah menika dipunwarisaken mawi cara lesan, mliginipun dhateng para Jurukunci

ingkang nyowanaken para peziarah. Purwadi (2009:2) ugi ngandharaken bilih folklor dipunlestantunaken dening masarakat ingkang sami nyengkuyung kanthi ihklas saha semangat, boten wonten paksaan. Folklor asring gadhah gegayutan kalihan ritual mistik saha ancasiipun kagem pikantuk gesang ingkang tentrem.

Tradisi utawi adat istiadat ugi asring dipunsebat adat tata tindakan. Tradisi asringipun dipunwarisaken kanthi cara turun-temurun saking nenek moyang-ipun, saha tasih dipuntindakaken dening masarakat. Miturut Koentjaraningrat lumantar Herusatoto (2008:164-165), tradisi saged dipunperang dados sekawan tingkatan, inggih menika: (1)Tingkat nilai budaya; (2)tingkat norma-norma; (3)tingkat hukum saha tingkat aturan khusus.

Saking pangertosan menika, saged dipunmangertosi menawi tradisi dipunwarisaken nenek moyang dhateng generasi salajengipun saha tasih dipuntindakaken masarakat panyengkuyung tradisi kasebat. Tradisi ugi ngandhut nilai-nilai ingkang dipunpitadosi masarakat ingkang sami kersa nguri-uri tradisi menika kanthi hukum tartamtu.

Salah satunggalaing tradisi ingkang tasih dipuntindakaken masarakat Jawi, inggih menika tradisi ziarah. Adhedhasar pangertosan tradisi ingkang sampun dipunandharaken para ahli, ziarah ing makam Sunan Pandan Aran ugi kalebet ing salah satunggaling wujud tradisi. Ziarah ing makam Sunan Pandan Aran menika tasih

dipuntindakaken saking rumiyin dumugi samenika, ugi lumantar saking para sesepuh ingkang *mewariskan* tradisi ziarah menika dhateng *generasi* salajengipun (saking jurukunci rumiyin dhateng jurukunci salajengipun).

Tembung ziarah piyambak *asal-*ipun saking basa Arab, inggih menika *ziyarah*. Kanthi *etimologis*, ziarah mengku teges *kunjungan*, saged dhateng tiyang gesang utawi tiyang ingkang sampun pejah. Ananging, wonten pamanggihipun masarakat kathah, ziarah menika kagiyatan *kunjungan* dhateng tiyang ingkang sampun pejah, mawi makamipun, (Ruslan, 2007:6). Masarakat Jawi, asring nyebat ziarah menika kanthi tembung *nyekar*. Pangertosan *nyekar* inggih menika, sowan dhateng makam tiyang ingkang sampun seda, lajeng nyebaraken kembang (asringipun kembang mawar) ing makamipun saha dongakaken tiyang ingkang dipunkubur menika. Tembung makam piyambak, ing basa Jawi inggih menika minangka panyebutan ingkang langkung inggil (*hormat*) dhateng tembung pasareyan. Dene tembung pasareyan menika *asal-*ipun saking tembung kriya, ingkang gaadah teges sare, (Ruslan, 2007: 64).

Ancasipun nindakaken ziarah miturut Purwadi, dkk. (lumantar Ruslan, 2007:7) inggih menika, supados tuwuh raos *stimulus* ingkang paring *arah*, *motivasi* saha *kesadaran* ingkang saestu, supados nurut, *tunduk* nindakakenaken *perintah-*ipun Gusti. Saking pangertosan menika, saged dipunpendhet dudutan

bilih ziarah inggih menika *kunjungan* dhateng makamipun tiyang ingkang sampun seda saha maosaken donga kagem tiyang ingkang sampun seda menika.

Tradisi ziarah ing makam Sunan Pandan Aran ugi saged dipunsebat ing salah satunggaling upacara tradisional. Kawontenan menika adhedhaasar saking wontenipun prosesi ingkang dipuntindakaken dening masarakat panyengkuyung saking jaman rumiyin dumugi samemenika. Upacara tradisional ugi gadah *unsur-unsur*. Miturut Koentjaraningrat (1990:378) wonten kalihwelas *unsur*, inggih menika: (a) sesajen; (b) paring kurban; (c) donga; (d) dhahar sesarengan dhaharan ingkang sampun dipunsucekaken kaliyan donga; (e) nari tarian suci; (f) nembang tembang suci; (g) nindakaken prosesi utawi *pawai*; (h) nindakaken seni drama suci; (i) puasa; (j) *intoksinasi* utawi mabok, *trance*; (k) mertapa; saha (l) semedhi.

Saking *unsur-unsur* menika, wonten ugi gayutipun kalihan tradisi ziarah ing makam Sunan Pandan Aran. ing salebeting prosesi ziarah, tamtu wonten lampah ingkang kedah dipuntindakaken dening masarakat panyengkuyungipun, kadosta wonten ingkang caos sesaji saha donga ingkang kalebet ing *unsur* upacara tradisional menika.

Salebeting tradisi ziarah makam Sunan Pandan Aran, nggadahi sesaji ingkang dipunginakaken saperangan para peziarah. Sesaji menika kadosta sekar, menyan saha toya genthong sinaga. Para peziarah ingkang ngginakaken sesaji menika gadah

ancas tartamtu. Ancasipun peziarah ngginakaken sesaji menika saged dados *simbol* tartamtu ingkang mengku teges, utawi ugi saged dados sesuluh lampah ing salebeting prosesi ziarah. Awit saking menika, sesaji ingkang dipunginakaken ing tadisi ziarah makam Sunan Pandan Aran ugi kedah dipunandharaken kanthi makna *simbolik* supados saged dipunmangertosi makna utawi tegesipun sesaji menika.

Tembung *simbol* piyambak asalipun saking basa Yunani, inggih menika *symbolon* ingkang nggadahi teges tanda utawi ciri kangge ngandharaken perangan tartamtu dhateng tiyang. *Simbol* ugi minangka perangan alit saking ritual ingkang nggadahi makna saking tingkah laku ing salebeting upacara saha sipatipun *khas*, (Endraswara, 2012:171). Andharan menika ugi dipunsengkuyung dening Spradley (1997:121) ingkang nyebataken bilih *simbol* menika *objek* utawi kadadosan menapa kemawon ingkang *menunjuk* perangan tartamtu. *Simbol* minangka tanda ingkang ngandharaken perangan dhateng tiyang, saha sampun pikantuk pasarujukan *umum* ing salebeting *tingkah laku* ritual. Saking kalih teori menika, saged dipunpendhet dhudhutan, bilih *simbol* inggih menika ciri utawi tanda ingkang nedahaken perangan tartamtu dhateng tiyang. *Simbol* ugi mengku teges tartamtu, saha sipatipun *khas* saking upacara ritual ingkang sampun pikantuk pasarujukan *umum*.

Caranipun nganalisis makna *simbol* ing tradisi ziarah makam

Sunan Pandan Aran menika, dipunginakaken *teori penafsiran* saking Turner (lumantar Endraswara, 2012:173) ingkang ngandharaken tigang cara, inggih menika: (1) *exegetical meaning* yaitu makna yang diperoleh dari informan warga setempat tentang perilaku ritual yang diamati; (2) *operational meaning* yaitu makna yang diperoleh tidak terbatas pada perkataan informan, melainkan pada tindakan yang dilakukan dalam ritual; (3) *positional meaning* yaitu makna yang diperoleh melalui interpretasi terhadap simbol dalam hubungannya dengan simbol lain secara totalitas.

Saking tigang cara analisis makna *simbol* menika, sejatosipun nggadahi gegayutan saha tansah *melengkapi* wonten salebeting proses pemaknaan *simbol*. Analisis kanthi cara *exegetical meaning* piyambak adhedhasar saking wawanpangandikan dhateng *informan*, menawi *operational meaning* langkung adhedhasar kalihan *tindakakan* ritual, *struktur* saha *dinamika sosial* wonten salebeting prosesi. Salajengipun *positional meaning* menika adhedhasar saking gayutipun *konteks*, *simbol* saha tiyang ingkang nggadahi *simbol*. Cara analisis *simbol* menika saged dipunginakaken kangge mangertosi makna utawi teges sesaji ingkang dipunginakaken ing tradisi ziarah makam Sunan Pandan Aran dening para peziarah. Ancasipun, supados saged dipunandharaken makna sesaji ing salebeting prosesi ziarah makam Sunan Pandan Aran.



### C. CARA PANALITEN

Panaliten menika kalebet panaliten kabudayan. Miturut Endraswara (2012: 2) panaliten kabudayan minangka *refleksi* saking *fenomena*. *Fenomena real* ingkang saged dipunpanggihi saking *pengamatan* saha wawanpangandikan kalihan *informan*, mila kathah-kathahipun panaliten kabudayan langkung gayut kalihan panaliten ing *lapangan* (*empirik*).

Panaliten Tradisi Ziarah ing Makam Sunan Pandan Aran ngginakaken *metode penelitian kualitatif*. *Metode penelitian kualitatif* menika *prosedur* panaliten ingkang ngasilaken *data deskriptif*. Tegesipun, *data* ingkang dipunpanggihi panaliti awujud tembung-tembung ingkang sinerat utawi lisan, saking *informan* ingkang dipunsuwuni pirsa saha dipun-*amati*. *Data* ing panaliten menika ngandharaken babagan tumindak saha tetembungan saking *informan* utawi *narasumber* ingkang tumut wonten *prosesi ziarah* wonten Makam Sunan Pandan Aran, Desa Paseban, Kecamatan Bayat, Kabupaten Klaten.

Anggenipun nindakaken panaliten wonten *lapangan*, *etnografer* damel dudutan utawi *kesimpulan* budaya saking tigang *sumber*. Miturut Spradley (1997: 10) tigang *sumber* ingkang saged dipundadosaken dudutan inggih menika: (1) menapa ingkang dipunngendikakaken; (2) menapa ingkang dipuntindakaken; (3) saha *artefak* ingkang dipunginakaken. *Data* ing panaliten menika

dipunpendhet kanthi cara *pengamatan* ingkang dipuntindakaken kanthi langsung dhateng *lapangan* supados *data deskriptif* ingkang dipunpanggihi langkung *valid*.

*Setting* dipuntemtokaken miturut kalih *kriteria*. Sepisan, saged paring *keuntungan* dhateng panaliti menawi badhe mendhet *data* kanthi jangkep, kaping kalih tiyang-tiyang ing papan panggenan panaliten kedah siap saha *respek* menawi dipundadosaken *subjek* panaliten, (Endraswara, 2012:204). *Setting* panaliten kaperang dados tiga, inggih menika papan, paraga saha kagiatan. Endraswara (2012: 205) ngandharaken, bilih *setting* gayutanipun kalihan papan, *lokasi fenomena* kabudayan tartamtu dipunadani. *Setting* kaping kalih menika paraga utawi *pelaku*, inggih menika masarakat desa ingkang tasih *aktif* (panyengkuyung kabudayan). *Setting* kaping tiga ingkang gayut kalihan kagiatan, arupi *komunikasi* kanthi *alami* ingkang kadadosan ing pagesangan padintenan. Panaliten tradhisi ziarah makam Sunan Pandan Aran menika dipuntindakaken wonten *kompleks* makam Sunan Pandan Aran piyambak, mliginipun ing *gedung* utawi cungkup makam Sunan Pandan Aran. Salebeting *komplek* makam menika wonten papan panggenan sanesipun makam-makam, kadosta Pasar Seni Paseban, Pendapa Paseban, Masjid Golo. Makam Sunan Pandan Aran mapan ing nginggil piyambak, amargi *bangunan komplek* makam menika arupi makam raja-raja utawi candi

ingkang gadhah undhak-undhakan nginggil. Sanesipun makam Sunan, wonten ugi makam garwanipun, para sederekipun, para kanca-kanca saha warga sekitar makam. Papanipun makam menika beda-beda, menawi langkung celak kalihan makamipun Sunan, ateges gadhah sesambetan ingkang langkung rumaket, menawi tebih saking makamipun Sunan, ateges sesambetanipun kalihan Sunan langkung tebih.

*Sumber* panaliten kabudayan sejatosipun wonten dhiri pribadi manungsa minangka *sentra komunitas*, kanthi *individu* utawi *kolektif*, (Endraswara, 2012:2). Andharan kasebat jumbuh kalihan panaliten menika, amargi *data* ingkang dipunpendhet ugi saking tiyang utawi masarakat panyengkuyung kabudayan ziarah ing makam Sunan Pandan Aran.

Endraswara (2012:2) ugi nyebataken, jinising *data* ing panaliten kabudayan menika wonten kalih, *data primer* saha *data sekunder*. *Data primer* inggih menika, *data* ingkang dipunpanggihi saking *informan* kanthi langsung mawi cara wawanpangandikan, utawi *data* ingkang dipunasilaken saking lapangan. *Data sekunder* inggih menika, *data* ingkang dipunpanggihi saking buku kemawon, utawi *data* ingkang dipunasilaken saking kapustakan.

*Sumber data* ing panaliten menika ugi ngginakaken *data primer* saha *data sekunder*. *Data primer* dipunpendhet saking tiyang-tiyang ingkang sami ziarah ing makam Sunan Pandan Aran. Kajawi menika,

ugi wonten para juru kunci makam saha masarakat sacaketipun makam Sunan Pandan Aran. *Sumber data sekunder* dipunpendhet saking buku ingkang gadhah gegayutan kalihan panaliten ingkang dipuntindakaken panaliti.

Anggenipun ngempalaken *data* wonten ing panaliten menika wonten kalih, inggih menika *pengamatan berperan serta* utawi *observasi saha wawancara mendalam*. *Pengamatan berperan serta*, ateges panaliti *terjun dhateng lapangan*, saha tumut *aktif* utawi *pasif* wonten salebeting kagiatan ingkang dipunteliti menika. Panaliti saged dados masarakat panyengkuyung utawi tumut dados *pelaksana*, tegesipun panaliti ugi tumut ing salebeting ziarah makam Sunan Pandan Aran.

*Wawancara* miturut Spradley (1997: 71) inggih menika, wujud saking salah satunggaling pirembaran utawi jinising pirembaran (*speech event*) ingkang khusus. *Wawancara etnografis* ugi minangka rembagan ingkang asipat wawanrembag kanthi luwes, wonten ing sajroning pirembaran panaliti ugi paring sakedhik baka sakedhik *unsur-unsur* pitakenan supados *informan* saged paring *informasi*. Saderengipun panaliti dhateng lapangan kangge ngempalaken *data*, panaliti kedah damel rantaman pitakenan rumiyin. Pitakenan dipundamel ingkang jumbuh kalihan menapa ingkang badhe dipunteliti. Ancasipun damel rantaman pitakenan saderengipun ngempalaken *data* menika, supados panaliti boten kadangon anggenipun nyuwun pirsu



dhateng *informan* saha wekdal dados *efektif*. Arah pitakenan ugi boten ical menawi panaliti nembe wawancara menika.

Piranti ingkang saged nyengkuyung panaliten menika *human instrument*, tegesipun panaliti piyambak ingkang kedah terjun langsung wonten ing *lapangan*. Panaliti piyambak ingkang damel rantaman panaliten, ingkang nindakaken saha ngempalaken *data*, *penafsir data*, sarta *pelapor* asilipun panaliten. Pirantos panaliten ugi kedah dipundamel panaliti, kadosta damel rantaman *wawancara* langkung rumiyin saderengipun nindakaken panaliten wonten *lapangan*. Panaliti ugi kedah gadhah piranti panyengkuyung sanes, kadosta catetan wawancara, piranti kagem ngrekam suwanten, *kamera* utawi *handycam*. Sadaya piranti kalawau kedah dipunbeta panaliti menawi badhe mendhet *data* ing *lapangan*. Langkung sae malih, panaliti boten kiyambakan anggenipun mendhet *data* wonten *lapangan*. *Data* ingkang dipunpendhet ing lapangan menika, boten namung asiling wawancara kemawon, ananging ugi saged foto utawi video, supados *data*-nipun langkung *valid*. Awit saking menika, panaliti langkung sae *fokus* kemawon dhateng *informan*, saha nyuwun tulung kancanipun ingkang sampun dipunpercaya mendhet *data* ingkang arupi *foto* utawi *video* nalika panaliti saweg *wawancara*. Ancasipun panaliti nyuwun tulung kanca utawi mbeta *juru dokumentasi*, supados panaliti saged *fokus* anggenipun

nyuwun pirsu utawi wawancara kalihan *informan*.

Cara nganalisi utawi ngolah *data* ing panaliten menika, dipunginakaken *analisis induktif*. Tegesipun *analisis induktif* inggih menika, *analisis data* ingkang *spesifik* saking lapangan, dipundadosaken *unit-unit* utawi dipunperang, salajengipun dipundadosaken *kategori* piyambak, (Muhadjir, 2002: 167).

Jinising *data* ing panaliten menika wonten kalih. *Data primer* saha *data sekunder*. *Data primer* ing panaliten menika dipunpanggihi saking wawancara para paraga ingkang tumut ing prosesi ziarah makam Sunan Pandan Aran. *Data* ingkang dipunpanggihi panaliti saking para *informan* awujud asiling wawancara saha dokumentasi. *Data sekunder* dipunpanggihi saking buku ingkang ngandhut *data* utawi cariyos babagan panaliten ingkang dipuntindakaken panaliti, mliginipun bab tradisi ziarah makam Sunan Pandan Aran saha cariyos Sunan Pandan Aran. Saking *data-data* menika kedah dipun-*analisis* lajeng dipunsahaken supados *data* ingkang dipunpanggihi saha dipunserat *valid*. Anggenipun ngesahaken *data* ing panaliten menika, panaliti ngginakaken *teknik triangulasi*.

*Triangulasi* inggih menika pangempalan *data ganda* (langkung saking satunggal *sumber*) saha nedahaken *informasi* ingkang sami, (Endraswara, 2012: 219). *Teknik triangulasi* ingkang dipunginakaken inggih menika *triangulasi metode* saha *triangulasi sumber*. *Triangulasi*

*Sumber* inggih menika nandhingaken asiling wawancara saking informan satunggal kalihan informan sanesipun. *Triangulasi metode* inggih menika *metode* ingkang nandhingaken asiling wawancara kalihan *pengamatan langsung* ingkang dipuntindakaken dening panaliti ing *lapangan*.

#### **D. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

Tradisi *Ziarah* makam Sunan Pandan Aran dipuntindakaken ing makam Sunan Pandan Aran, ingkang mapan ing Gunung Cakrakembang, Desa Paseban, Kecamatan Bayat, Kabupaten Klaten.

Tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran dipuntindakaken wonten salebeting cungkup utawi gedhung ingkang wonten makamipun Sunan Pandan Aran. Cungkup utawi *gedung* menika dipunsebat Gedhong Inten. Salebeting Gedhong Inten menika, wonten makam sasanipun makam Sunan Pandan Aran, kadosta makamipun garwanipun Sunan, inggih menika Nyai Kaliwungu saha Nyai Karakitan, saha para sahabatipun.

Wekdal ingkang dipunginakaken kangge *ziarah* menika saged dinten menapa kemawon amargi bikak saben dinten, kajawi ing sasi ramadhan utawi sasi pasa. *Peziarah* ingkang badhe *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran ing sasi Ramadhan menika namung pikantuk ing njawi Gedhong Inten, boten pikantuk mlebet. Wekdal ingkang rame anggenipun tiyang sami *ziarah* ing makam Sunan

Pandan aran menika ing malem jemuah legi saha jemuah kliwon.

Makam Sunan Pandan Aran mapan wonten Gunung Cakrakembang, Desa Paseban, Kecamatan Bayat, Kabupaten Klaten. Gunung Cakrakembang inggilipun kirang langkung 860 *mdpl* (*meter diatas permukaan laut*). Papanipun makam Sunan Pandan Aran menika wonten ing nginggil piyambak, kedah minggah undak-undakan ingkang cacahipun kirang langkung 250. *Komplek* makam Sunan Pandan Aran ugi wiyar, inggih menika 1.50 ha.

Kawontenan makam Sunan Pandan Aran menika tasih sae sanget, amargi tasih dipunjagi dening para Jurukunci saha karyawan makam kasebat. Kajawi menika, *komplek* makam Sunan Pandan Aran sampun mlebet ing *situs keurbakalaan* Provinsi Jawa Tengah saha Dinas Pariwisata Kabupaten Klaten.

Salebeting *komplek* makam Sunan Pandan Aran menika wonten bangunan sanes kajawi makam-makam, inggih menika wonten gapura *komplek* makam Pandan Aran, terminal Paseban, parkir mobil, pasar seni Paseban, pendhapa Tembayat, pangkalan ojek, loket karcis, papan kagem nitipaken sandal utawi sepatu, papan kagem wudhu, toilet, masjid, sekretariat, plengkung pendaftaran, pawestren, Papan Padupan, genthong sinaga saha gapura-gapura ingkang sampun dados situs ingkang dipun-*lindungi keurbakalaan* Provinsi Jawa Tengah. Bangunan-bangunan ingkang wonten gayutipun kalihan tradisi *ziarah* makam Sunan Pandan

Aran. Sadaya bangunan wonten kompleks makam Sunan Pandan Aran menika saged ugi dipunsebat folklor. Kawontenan bangunan-bangunan menika, kadosta gapura, genthong sinaga saha makam Sunan Pandan Aran piyambak gadhah *fungsi* piyambak-piyambak saha minangka piranti pangemut kangge masarakat utawi *generasi* samenika, ingkang dipunwarisaken saking *generasi* saderengiipun.

Paraga tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran inggih menika warga ageng Desa Paseban saha para warga panyengkuyung tradisi kasebat. Warga panyengkuyung ingkang asring *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran menika boten namung saking Desa Paseban utawi daerah Klaten kemawon, nanging ugi kathah ingkang saking kitha-kitha sanes, kadosta saking Jawa Timur, Jawa Barat, Sumatra, ugi Kalimantan.

Para warga ageng Desa Paseban tansah nguri-nguri tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran menika kanthi cara damel kepengurusan makam ingkang asring dipunsebat BPH (Badan Pembina Hastono) Sunan Pandan Aran. Awit saking menika para warga Desa Paseban kathah ingkang dados pengurus utawi karyawan ing makam Sunan Pandan Aran, kanthi pangajab supados tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran tansah lestantun. Kajawi menika, Jurukunci ing makam Sunan Pandan Aran kedah saking Desa Paseban piyambak, boten saged saking njawi desa.

Saking data panaliten saged dipunmangertosi *golongan* yuswa para warga Desa Paseban saking yuswa kirang saking setunggal taun dumugi yuswa pitung puluh gangsal taun langkung langkung. Saking *pengamatan* ingkang dipuntindakaken panaliti, saged dipunmangertosi bilih ingkang dados masarakat panyengkuyung tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran saking Desa Paseban yuswanipun kagolong ingkang 17 dumugi  $\geq 75$  taun.

Jinising pakaryan warga Desa Paseban menika maneka warni. Data jinising pakaryan menika, saperlu kangge mangertosi menapa kemawon pakaryanipun warga panyengkuyung tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran saking Desa Paseban. Kajawi menika, para warga Desa Paseban ugi kathah ingkang dados *pengrajin gerabah, pengrajin keramik, usaha penginapan, pedagang saha usaha warung makan*. Kadadosan menika gayut kalihan wontenipun makam Sunan Pandan Aran ingkang dipundhatengi para *peziarah*. *Peziarah* ingkang sami tindak dhateng makam Sunan Pandan Aran tamtu wonten ingkang mundhut oleh-oleh ingkang manekawarni saha wonten ingkang mundhut dhaharan. *Peziarah* ingkang griyanipun tebih, ugi saged sare ing *penginapan* ingkang dipuncawisaken para warga Desa Paseban.

Warga Desa Paseban ugi sampun kathah ingkang sampun lulus sekolahipun, awit saking menika babagan pendidikan para warganipun sampun kagolong inggil.

Kapitadosan warga Desa Paseban miturut data monografi saking kelurahan Paseban tahun 2015 wonten tigang agami ingkang dipunrasuki, inggih menika agami Islam 5.384 tiyang, agami Kristen wonten tigangdasa tiyang saha agami Katholik 546 tiyang.

Tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran Desa Paseban, Kecamatan Bayat, Kabupaten Klaten tasih dipuntindakaken warga masarakat panyengkuyungipun awit saking rumiyin dumugi samenika.

Asal-usulipun tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran menika ugi saged dipunmangertosi bilih dipunrunut saking *sejarah*ipun Sunan Pandan Aran nalika gesang dumugi sedanipun.

Saking andharan menika saged dipunmangertosi, bilih Sunan Pandan Aran saderengipun nyebaraken agami Islam ing tlatah Jawi, sejatosipun inggih menika Bupati Semarang ingkang kaping kalih (Bupati Semarang II). Piyambakipun saged dados ulama ingkang nyebaraken agami Islam menika sasampunipun nglampahi pacoban saking Sunan Kalijaga. Sabibaripun Bupati Semarang II dugi ing gunung Jabalakat Bayat, piyambakipun dipunangkat dados wali ingkang dipuncaosi tugas kangge nyebaraken agami Islam dening Sunan Kalijaga ing tlatah Jawi, mliginipun Bayat. Sunan Kalijaga paring gelar dhateng Bupati Semarang II (Pandan Aran II) menika Sunan Pandan Aran, utawi Sunan Padhang Aran, utawi Sunan Tembayat.

Sunan Pandan Aran seda ing dinten jemuah kliwon, titisurya kaping 27, sasi Jawa Ruwah warsa 1466 saka (1544 Masehi).

Wiwitanipun makam Sunan Pandan Aran menika boten mapan ing gunung Cakrakembang kados samenika, nanging mapan ing Banyu Biru sangandhapipun Masjid Golo.

Masjid Golo inggih menika masjid ingkang dipunbangun dening Sunan Pandan Aran saha para muridipun ing jaman rumiyin ing *puncak* Gunung Jabalakat. Ananging amargi ing jaman rumiyin *adzan*-ipun sero sanget, dumugi ing Demak saha Mekah, Masjid menika dipunpindah ing ngandhap dening Sunan Pandan Aran saha para muridipun.

*Komplek* makam Sunan Pandan Aran menika ingkang bangun inggih menika Sultan Agung ing taun 1555 saka (1633 Masehi), kanthi dhasar *sengkalan* ingkang sinerat ing gapura Panemut. Ing ngandhap menika gambar *sengkalan* ing gapura Panemut.

Para *peziarah* ugi sami pitados bilih Sunan Pandan Aran tiyang ingkang linangkung, tiyang ingkang suci saha wali ingkang dipunkasihi dening Allah SWT. Kajawi menika, babagan folklor Jawi ugi saged katingal saking *sejarah*ipun Sunan Pandan Aran ingkang dipunmangertosi masarakat panyengkuyung saking masarakat panyengkuyung saderengipun mawi lesan (*mulut ke mulut*) saha boten lesan (buku *panduan ziarah*).

Prosesi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran menika tamtu wonten lampah-lampahipun ingkang

kedah dipuntindakaken dening para *peziarah*. Sadaya lampah *ziarah* menika gumantung saking kapitadosan para *peziarah* piyambak-piyambak, boten wonten aturan ingkang baken saking para Jurukunci ing makam Sunan Pandan Aran. Sadaya kapitadosan para *peziarah* dipuntampi ing makam Sunan Pandan Aran, kanthi ancas ingkang sae.

Prosesi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran menika dipunbedakaken lampahing prosesi dados kalih inggih menika *ziarah* I saha *Ziarah* II. *Ziarah* I inggih menika, prosesi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran ingkang dipuntindakaken para *peziarah* ingkang tasih ngginakaken sesaji utawi sesaji ing salebeting lampah *ziarah*. Ing ngandhap menika badhe dipunandharaken sesaji utawi sesaji ingkang dipunginakaken wonten salebeting *ziarah* I ing makam Sunan Pandan Aran, saha lampahing *ziarah* I. Sesaji ingkang dipunginakaken ing *ziarah* I inggih menika sekar saha menyan. Kajawi menika, wonten ugi toya genthong sinaga ingkang dados toya barokah ingkang dipunpitadosi dening masarakat panyengkuyung tradisi menika. Lampahing *Ziarah* I:

- 1) Mundhut Tiket
- 2) Nitipaken Sendal utawi Sepatu
- 3) Daftaraken Dhiri
- 4) Nyawisaken Sekar ing Baki
- 5) Matur Jurukunci
- 6) Ngobong Menyan
- 7) Nyekar ing Makam Sunan Pandan Aran
- 8) Mundhut Toya Genthong Sinaga

*Ziarah* II ing makam Sunan Pandan Aran inggih menika, *ziarah* ingkang boten ngginakaken sesaji menapa-menapa nalika nindakaken *ziarah*. Lampahipun wonten ingkang sami kalihan *ziarah* I, ananging wonten ugi bedanipun. Lampahing *Ziarah* II:

- 1) Mundhut Tiket
- 2) Nitipaken Sendal utawi Sepatu
- 3) Daftaraken Dhiri
- 4) Tahlilan ing Makam Sunan Pandan Aran

Salebeting sesaji ingkang dipunginakaken para *peziarah* menika tamtu gadhah makna simbolik piyambak-piyambak. Sesaji saged kagem ngandharaken ancasing para *peziarah* utawi dados sesulih lampah tartamtu ing salebeting *ziarah* ingkang awujud simbol ingkang kakandut ing salebeting sesaji menika.

Sekar minangka salah satunggaling sesaji ingkang tamtu dipunbeta *peziarah* dhateng pemakaman. Jinising sekar menika mawarni-warni, kadosta sekar mawar, mlati, kamboja, lan sapanunggalanipun. Sekar ingkang dipunginakaken ing tradisi *ziarah* makam Sunan Pandan Aran inggih menika sekar telon. Sekar telon menika kadadegan saking tigang jinis sekar, inggih menika sekar kenanga, sekar kanthil saha sekar mawar. Sekar ingkang dipunginakaken ing *ziarah* makam Sunan Pandan Aran menika ngnggadhahi makna simbolik, inggih menika sekar dados pralambang donga saha kekajenganipun *peziarah*.

Menyan dipunobong saderengipun para *peziarah* mlebet dhateng cungkub makamipun Sunan Pandan Aran. Menyan menika kangge simbol *peziarah* uluk salam utawi kulanuwun saderengipun mblebet dhateng cungkub makam Sunan Pandan Aran, lumantar Jurukunci ingkang nyowanaken.

Masyarakat panyengkuyung tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran sami pitados, bilih toya saking genthong sinaga menika nnggadhahi barokah saha daya ingkang kuat.

Makna simbolik ingkang wonten ing toya genthong sinaga saged dipuntingali saking genthong sinaga menika piyambak. Toya menika saged dados obat gerah menapa kemawon sasampunipun mlebet ing genthong sinaga, amargi genthong sinaga menika minangka simbol saking rajanipun sawer (ula) ingkang nnggadhahi upas utawi *bisa*, saha dados pralambang saking pangandikanipun tiyang, amargi wonten tetembungan “*uwot ugal agil ya ning omongane dhewe-dhewe*”. Tetembungan menika ateges, menapa kemawon ingkang dipungendikakaken tiyang saged dados kasunyatan ingkang samangke dipunpanggihi.

Kawontenan menika ndadosaken tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran kalebet ing salah satunggaling kabudayaan Jawi. Budaya Jawi menika ingkang kedah dipunlestantunaken supados boten kasingkir dening budaya ngamanca. Perkawis menika saged kagayuh amargi wontenipun upiya saking para

masarakat panyengkuyungipun kangge nindakaken tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran.

Paedah spiritual inggih menika paedah ingkang nggadhahi gegayutan kalihan kapitadosan para masarakat panyengkuyung tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran. Paedah spiritual menika awujud raos ingkang dipunsuraos dening para masarakat panyengkuyung tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran menika ingkang gayut kalihan kapitadosanipun piyambak-piyambak.

Paedah ekonomi inggih menika paedah ingkang gayut kalihan pamedaling masarakat panyengkuyung tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran. Kawontenan makam Sunan Pandan Aran ing Desa Paseban menika, saged bikak *lapangan pekerjaan* ingkang enggal.

Panaliten ingkang dipuntindakaken panaliti babagan tradisi *ziarah* makam Sunan Pandan Aran ing Desa Paseban Kecamatan Bayat Kabupaten Klaten menika taksih tebih saking tembung sampurna. Wonten perangan ingkang ndadosaken skripsi menika dereng saged sampurna, inggih menika:

1. Saperangan data ingkang dipunpanggihaken panaliti ing salebeting skripsi menika dereng sadaya saged nyengkuyung data sanesipun. Kawontenan menika ndadosaken kirangipun wedharan babagan wosing skripsi kanthi *mendalam* malih.



2. Para *peziarah* wonten ingkang boten kersa dipunfoto rikala nindakaken *ziarah*, ndadosaken panaliti boten saged luwes anggenipun badhe mundhut *foto* salebeting prosesi *ziarah* makam Sunan Pandan Aran.

## E. DUDUTAN

Adhedhasar asiling panaliten ingkang sampun dipuntindakaken panaliti babagan tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran wonten Desa Paseban, Kecamatan Bayat, Kabupaten Klaten, saged dipunpendhet dudutan kados ing ngandhap menika.

1. Mulabukaning tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran menika dipunwiwiti saking *pemindahan* makam Sunan Pandan Aran saking ngandhap masjid Golo ing Banyu Biru, dening Sultan Agung ing taun 1542 saka utawi taun 1620 Masehi. Sunan Pandan Aran menika kalebet tiyang ingkang nyebaraken agami Islam ing tanah Jawi, mliginipun ing daerah Bayat. Masarakat panyengkuyung sami pitados bilih Sunan Pandan Aran menika tiyang ingkang linuwih saha tiyang ingkang kinasih dening Gusti ingknag Maha Kuwaos, menawi dedonga ing makam Sunan Pandan Aran saged pikantuk barokah saha karomah ingkang sae. Awit saking menika, masarakat panyengkuyung tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran tansah nguri-nguri saha nglestantunaken tradisi warisan saking leluhuripun. Folklor ingkang wonten ing salebeting tradisi *ziarah* makam Sunan Pandan Aran menika

saged katingal saking asal-usul *ziarah*, lampahipun *ziarah*, sesaji ingkang dipunginakaken rikala *ziarah*, saha bangunan ingkang dados peninggalan saking Sunan Pandan Aran saha Sultan Agung. Sadaya menika wau saged kalebet ing folklor, amargi kawontenanipun saking warisan para masarakat panyengkuyung saderengipun (*generasi* saderengipun) ingkang dipunwarisaken dhateng *generasi* salajengipun mawi lesan saha gerak isyarat, utawi kangge piranti pangemut-emut.

2. Tradisi *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran dipunadani saben dinten menapa kemawon, kajawi ing sasi pasa utawi *Ramadhan*. Ananging ugi wonten dinten ingkang kathah dipundhatengi para *peziarah* ingkang badhe *ziarah* ing makam Sunan Pandan Aran, inggih menika dinten libur, malem jemuah legi saha malem jemuah kliwon. Dinten libur kathahipun dipundhatengi para *peziarah* saking tebih-tebih, menawi malem jemuah legi saha jemuah kliwon dipunpitadosi dening masarakat panyengkuyungipun menika dados wekdal ingkang langkung sae kangge *ziarah* saha dedonga, amargi masarakat sami pitados ing malem menika langkung kathah barokahipun, saha malem jemuah legi dados dinten kelahiranipun Sunan Pandan Aran, lajeng malem jemuah kliwon menika sedanipun. Prosesi tradisi ing makam Sunan Pandan Aran menika dipuntindakaken dening para *peziarah* miturut kapitadosanipun piyambak-piyambak, boten wonten

aturan ingkang baken saking jurukunci. Prosesi ziarah ing makam Sunan Pandan Aran dipunbedakaken dados kalih jinis, ingkang ngginakaken sesaji dipunsebat ziarah I, menawi ingkang boten ngginakaken sesaji dipunsebat ziarah II. Lampahipun ziarah I ing makam Sunan Pandan Aran inggih menika mundhut tiket mlebet, nitipaken sandal utawi sepatu, daftaraken dhiri, matur jurukunci, nyawisaken sekar ing baki, ngobong menyan, nyekar ing makam Sunan Pandan Aran, mendhet toya genthong sinaga. Menawi lampah ziarah II ing makam Sunan Pandan Aran inggih menika mundhut tiket mlebet, nitipaken sandal utawi sepatu, daftaraken dhiri, kepanggih Jurukunci, tahlilan ing makam Sunan Pandan Aran, mendhhet toya genthong sinaga.

3. Makna simbolik sesaji ing salebeting tradisi ziarah makam Sunan Pandan Aran.

a. Sekar

Sekar menika ateges mbeta wangi ingkang arum, saged dugi pundi kemawon gumantung saking angin ingkang mbeta. Wanginipun sekar menika minangka simbol donganipun para peziarah supados dugi saha saged kabul dening Gusti Inkgang Maha Kuwaos lumantar ing makam Sunan Pandan Aran.

b. Menyan

Menyan ateges kangge simbol peziarah uluk salam utawi kulanuwun saderengipun mlebet dhateng cungkub

makam Sunan Pandan Aran, lumantar juru kunci ingkang nyowanaken.

c. Toya genthong Sinaga

Toya genthong sinaga menika kalebet toya barokah. Para masarakat panyengkuyung tradisi ziarah ing makam Sunan Pandan Aran, sami pitados bilih toya barokah saking genthong sinaga menika gadah paedah ingkang kathah. Tuladhanipun saged dipunginakaken kangge obat ingkang saweg gerah, dipunginakaken kangge ngalncaraken usaha tani utawi dagang.

4. Paedah nindakaken ziarah ing makam Sunan Pandan Aran inggih menika kaperang dados tiga, inggih menika paedah nguri-nguri kabudayan, paedah *spiritual* saha paedah ekonomi. Paedah nguri-nguri kabubudayan saged dipuntingali saking masarakat panyengkuyung tradisi menika ingkang tasih kersa nindakaken tradisi ziarah ing makam Sunan Pandan Aran, kawontenan menika dadosaken tradisi Jawi, mliginipun tradisi ziarah ing makam Sunan Pandan Aran tansah lestantun, boten kasingkir dening tradisi ngamanca. Paedah spiritual inggih menika saged dados sarana para masarakat panyengkuyung tradisi kasebat kangge nyaketaken dhiri dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwaos kanthi cara dedonga saha nyenyuwun menapa ingkang dipunkajengaken lumantar makam Sunan Pandan Aran. Paedah ekonomi saking tradisi ziarah ing makam Sunan Pandan Aran

menika dados pemasukan dhateng Kabupaten Klaten saha para warga Desa Paseban mliginipun. Kawontenan menika saged dipuntingali saking tiket ingkang mlebet ing Dinas Pariwisata Kabupaten Klaten, kathahipun warga ingkang sami sadean dhaharan saha oleh-oleh, dados tukang parkir saha tukang ojek.

#### KAPUSTAKAN

- Abdul, Hakim Atang dan Ahmad, Saebani Beni. 2008. *Filsafat Umum dari Mitologi Sampai Teofilosofi*. Bandung: CV. Pustaka Setia.
- Amiati. 2014. *Upacara Tradisi Malem Jemuah Kliwon ing Makam Syekh Madhum Cahyana ing Desa Grantung, Kecamatan Karangmoncol, Kabupaten Purbalingga*. Skripsi S1. Yogyakarta: Program Pendidikan Bahasa Daerah, FBS UNY.
- Dananjaya, James. 1984. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Grafitipers.
- Dewi, Ayu Chandra. 2010. *Tradisi Ziarah Makam Pangeran Samudro di Gunung Kemukus, Desa Pendem, Kecamatan Sumber lawang, Kabupaten Sragen*. Skripsi S1. Yogyakarta: Program Pendidikan Bahasa Daerah, FBS UNY.
- Dwi, M. 2007. *Buku Panduan Wisata Ziarah Makam Sunan Padhang Aran*. Klaten: Anugrah.
- Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: MedPress.
- . 2010. *Folklor Jawa. Macam, Bentuk, dan Nilainya*. Yogyakarta: Penaku.
- . 2011. *Metodologi Penelitian Tradisi Lisan*. Yogyakarta: Kanwa Publisier.
- . 2012. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- . 2010. *Kejawen*. Yogyakarta: Lumbung Ilmu.
- Hadiatmaja, Sarjana dan Kuswa. 2010. *Filsafat Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisier.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta: Ombak.
- Khoeriyah, Miftahul. 2015. *Tradisi Ziarah Pasareyan Mbah Kalibening Wonten Ing Dhusun Kalibening Desa Dawuhan Kecamatan Banyumas Kabupaten Banyumas*. Skripsi S1. Yogyakarta: Program Pendidikan Bahasa Daerah, FBS UNY.
- Koentjaraningrat. 1990. *Beberapa Pokok Antropologi Sosial*. Jakarta: Dian Rakyat.
- Kuntowijoyo. 1999. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana Yogya.
- Maslahah dkk. 2011. *Bahasa Indonesia ( Panduan Menulis Karya Ilmiah)*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

- Muhadjir. Noeng. 2002. *Metode Penelitian Kualitatif Edisi IV*. Yogyakarta: Rake Sarasin.
- Purwadi. 2009. *Folklor Jawa*. Yogyakarta: Pura Pustaka.
- Ruslan dan Nugroho Arifin. S. 2007. *Ziarah Wali Spiritual Sepanjang Masa*. Yogyakarta: Pustaka Timur.
- Spradley, James.1997. *Metode Etnografi*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Sujamto. 1992. *Refleksi Budaya Jawa*. Semarang: Dahara Prize.
- Tim Penyusun Panduan Tugas Akhir. 2010. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa dan Seni.
- Widyosiswoyo, Supartono. 2004. *Ilmu budaya dasar*. Jakarta: ghalia Indonesia.